

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa miboga kalungguhan penting dina kahirupan manusa, lantaran manusa teu bisa leupas tina komunikasi jeung masarakat dina kahirupan sapopoéna. Basa dipiboga ku saban manusa jeung saban sélér bangsa. Sélér bangsa miboga basa masing-masing diunggal daérahna. Kitu deui jeung urang Sunda nu ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna.

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunana (Sudaryat, 2004: 1). Kalungguhan basa Sunda ditangtayungan ku nagara, sakumaha nu kaunggel dina *Penjelasan UUD 1945 bab XV pasal 36*, anu eusina nétélakeun

“Di daerah-daerah yang memiliki bahasa sendiri, yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik-baik (misalnya: bahasa Jawa, bahasa Sunda, bahasa Madura dan sebagainya) bahasa-bahasa itupun dihargai dan dipelihara oleh negara”.

Dina kalungguhanana jadi basa daérah, saperti nu dicindekkeun tina hasil *Seminar Politik Bahasa Nasional 1975* di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi salaku:

- 1) lambang kareueus masarakat Sunda;
- 2) lambang jati diri (idéntitas) masarakat Sunda;
- 3) pakakas pikeun paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda;

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung

4) pangdeudeul basa Nasional; jeung

5) alat pamekar pikeun pangdeudeul budaya Sunda (Halim Ed, 1980:151).

Dina élmu basa aya nu disebut kaparigelan basa, di antarana aya kaparigelan ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita. Dawson dina Tarigan (2008: 1), nétélakeun yén ka opat kaparigelan makéna basa di luhur mangrupa hiji beungkeutan nu disebut *catur-tunggal*. Hartina opat kaparigelan hiji basa téh moal leupas jeung kaparigelan basa nu séjénna.

Wilga M. Rivers dina Iskandarwassid (2004:156), nétélakeun yén umumna jalma déwasa diperkirakeun ngagunakeun waktuna pikeun ngaregepkeun 45%, nyarita 30%, maca 16%, jeung nulis 9% dina kagiatan komunikasi sapopoéna.

Niténan kana perséntase di luhur, ngaregepkeun jeung nyarita miboga perséntase paling luhur di antara maca jeung nulis. Sabab kaparigelan ngaregepkeun jeung nyarita mah kacangking di lingkungan keluarga atawa non formal. Atikan non formal ieu nu biasana gampang ditarima, lantaran bisa kacangking ku saha waé dina kahirupan sapopoé. Sedengkeun maca jeung nulis miboga perséntase leuwih handap ti batan ngaregepkeun jeung nyarita, ku sabab duanana téh aya jeung diajarkeun di sakola formal. Teu kabéh jalma bisa narima atikan formal, lantaran kahalang ku sawatara hal.

Tina opat kaparigelan éta salasahiji kaparigelan basa nu baris ditalungtik di ieu skripsi nya éta kaparigelan maca. Tampubolon (1992: 228), nétélakeun yén maca téh nya éta kagiatan fisik jeung méntal nu bisa ngarobah jadi hiji kabiasaan.

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep para santri bisa nambahan minatna dina maca wacana basa Sunda. Ngaliwatan tés kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia).

Sababaraha panalungtikan ngeunaan kamampuh maca anu kapendak di antarana nya éta, Rida Nurwendini (2006) nu judulna “Babandingan Kamampuh Ngaregepkeun jeung Kamampuh Maca Siswa Kelas VIII SMP Setia Bhakti Garut Taun Ajar 2009/2010”. Panalungtikan ieu museur kana babandingan siswa SMP dina ngaregepkeun jeung maca hiji caritaan. Panalungtikan séjénna nya éta, Risma Rismawati (2003) nu judulna “Korélasi Antara Kamampuh Maca jeung Kamampuh Ngaprésiasi Carpon Siswa Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung”. Panalungtikan ieu museur kana korélasi atawa hubungan antara kamampuh maca jeung ngaprésiasi carpon siswa kelas X SMA Pasundan 1 Bandung.

Dumasar hal di luhur, pikeun ngaguar jeung mikanyaho kana kamampuh maca pamahamansantri Program Pesantren Mahasiswa di Pondok Pesantren Daarut Tauhiid Bandung, mangka diayakeun panalungtikan dina judul “Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) jeung Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan ka-4 Daarut Tauhiid Bandung”.Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna, nya éta baris medar ngeunaan kamampuh maca pamahaman carpon jeung cerpén santri PPM DT Bandung, hususna pikeun santri angkatan ka-4.

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan leuwih museur, masalah dina ieu panalungtikan perlu diwatesanan, nya éta ngan saukur “Kumaha kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia) santri Program Pesantren Mahasiswa angkatan ka- 4 Daarut Tauhiid Bandung?”.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah nu ditalungtik dirumuskeun dina wangun kalimah pertanyaan kayaning:

- 1) kumaha kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) santri PPM 4 Daarut Tauhiid Bandung?;
- 2) kumaha kamampuh maca pamahaman cerpen(basa Indonesia) santri PPM 4 Daarut Tauhiid Bandung?;
- 3) kumaha babandingan antara kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia)santri PPM 4 Daarut Tauhiid Bandung?; jeung
- 4) faktor-faktor naon waé anu mangaruhan kana kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia) santri PPM 4 DT Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina tujuan panalungtikan, ngawengku dua hal, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum mangrupa komponén anu penting dina panalungtikan, nyaéta pikeun mikanyahok kamampuh macapemahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia).

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihasilkeun dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) santri PPM 4 Daarut Tauhiid Bandung;
- 2) kamampuh maca pamahaman cerpen (basa Indonesia) santri PPM 4 Daarut Tauhiid Bandung;
- 3) babandingan antara kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia);
- 4) faktor-faktor anu mangaruhan kana kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia) santri PPM 4 DT Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat teoritis

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh, nu aya patalina jeung kabeungharan basa.

1.4.2 Mangpaat praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta méré informasi atawa déskripsi ngeunaan kamampuh maca pamahaman santri PPM 4 DT dina maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia). Tina éta hasil panalungtikan téh bisa méré gambaran ngeunaan kaayaan sapopoé santri mahasiswa di pasantrén Daarut Tauhiid Bandung.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa pamikiran anu gunana pikeundasar panalungtikan salaku cecekelan utama.

Surakhmad dina Arikunto (2006: 58), nétélakeun yén anu disebut anggapan dasar téh nya éta *sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyelidik*. Anggapan dasar dina ieu panalungtikan diantarana:

- 1) karya sastra Sunda jarang dibacakusantri PPM DT nu asli urangSunda;
- 2) maca pamahaman ka asup kana salasahiji komponén kaparigelan makéna basa, nu mangrupa hiji prosés maca anu di pilampah sangkan bisa nerangkeun deui naon-naon anu di bacana.

1.6 Raraga Nulis

Sistematika penulisan dina nyusun skripsi nya éta dimimitian ku pangjajap, daptar eusi, daptar tabél jeung abstrak.

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung

Dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, nya éta BAB I ngawengku kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, jeung raraga nulis.

Dina BAB II nya éta landasan tiori ngawengku ngeunaan tiori basa, fungsi basa, kaparigelan basa, tiori maca, tiori kamampuh maca, tiori pamahaman maca, jeung tiori ngeunaan carpon.

Bab III nya éta métode panalungtikan anu ngawengku métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, populasi jeung sampel, prosedur panalungtikan, prosedur ngolah data, jeung napsirkeun skor.

Bab IV nya éta kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) santri PPM 4 Daarut Tauhiid Bandung, kamampuh maca pamahaman cerpen (basa Indonesia) santri PPM 4 Daarut Tauhiid Bandung, babandingan antara kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia) santri PPM 4 Daarut Tauhiid Bandung, jeung faktor-faktor anu mangaruhan kana kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia) santri PPM 4 DT Bandung.

Bab V nya éta kacindekkan jeung saran anu ngawengku dina ieu panalungtikan, lampiran-lampiran jeung riwayat hirup panyusun, sarta daptar pabukon anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung